

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Upacara rewahan aya di Désa Taraju Kacamatan Sindangagung Kabupatén Kuningan. Upacara rewahan mangrupa upacara pikeun miéling poé panday. Lian ti éta, disebut ogé upacara pikeun miéling ulang taun jeung maotna Rama Éyang Sunan Manyak. Disebut upacara rewahan lantaran diayakeun dina bulan Rewah, nyaéta dina tanggal 15 Rewah (*Sya'ban*). Tempat diayakeun upacara rewahan nyaéta di Pasaréan Rama Éyang Sunan Manyak.

Upacara rewahan nu aya di désa Taraju penting ditalungtik, lantaran ieu upacara miboga unsur sémiotik. Nurutkeun Van Zoest (Hermawati, 2006, kc. 38), sémiotik nyaéta studi ngeunaan tanda jeung sagala anu aya patalina jeung tanda: cara pungsina, hubungan jeung tanda-tanda séjén, kumaha ngirim jeung narima ku nu makéna. Nurutkeun Peirce (Sobur, 2009, kc. 157-158) ngabédakeun tilu rupa tanda nurutkeun sipat patalina antara pananda jeung petanda, nyaéta ikon, indéks, jeung simbol. Kitu deui unsur sémiotik nu aya dina upacara rewahan nyaéta gambaran maksud jeung tujuan nu aya dina upacara adat anu disilokakeun ngaliwatan ikon, indéks, jeung simbol. Lian ti éta, ieu panalungtikan pikeun mikanyaho kumaha lumangsungna upacara rewahan, pikeun mikanyaho unsur sémiotik dina upacara rewahan, pikeun nambahan pangaweruh, jeung pikeun ngamumulé budaya nu aya di sabudeureun panalungtik.

Dumasar panalungtikan anu dilakukeun ku panalungtik tanggal 4 Juni 2013, kiwari beuki saeutik masarakat nu apal kana adat-istiadat, teu nyaho kana upacara adat nu aya di sabudeureunana, teu nyaho simbol jeung harti dina unggal upacara adat, jeung teu paham kana sikep jeung paripolah nu hadé, nu saenyana aya dina adat-istiadat. Lian ti éta, di dunya pendidikan ogé barudak sakola teu dibéré pangajaran ngeunaan upacara adat nu aya di tatar Sunda, hususna nu aya di

Susi Susanti , 2014

Unsur semiotic dina upacara rewahan di desa taraju kac.sindangagung kab.kuningan pikeun pangajaran maca artikel budaya di sma kelas XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

wewengkonna sewang-sewangan. Kurangna kasadaran ti unggal jalma pikeun milu ngajaga éta adat-istiadat nu hirup di masarakat, jadi salah sahiji pasualan nu ngabalukarkeun adat-istiadat teu dipaliré, boh ku budak boh ku kolot.

Pikeun ngungkulan éta pasualan dilakuan panalungtikan ngeunaan upacara rewahan. Nu jadi kasang tukang dipilihna upacara rewahan pikeun objèk panalungtikan, lantaran ayana unsur sémiotik nu ngawengku ikon, indéks, jeung simbol dina éta upacara. Éta unsur sémiotik penting pikeun dipikawanoh ku masarakat, boh ku kolot boh ku budak ngora. Ieu upacara miboga ikon, indéks, jeung simbol nu miboga harti nu husus pikeun cecekelan paripolah kahirupan masarakat, hususna pikeun barudak sakola, sangkan barudak sakola nu bakal jadi sihung bangsa maham kana unsur sémiotik nu aya dina éta upacara. Hartina éta unsur sémiotik perlu dianalisis jeung dihartikeun, sangkan éta upacara bisa kanyahoan eusi jeung udaganana, sarta bisa dijadikeun pangajaran maca artikel budaya di SMA kalayan jéntré.

Hasil panalungtikan ngeunaan unsur sémiotik jeung upacara adat geus loba nu nalungtik, di antarana “Upacara Panjang Jimat di Karaton Kasepuhan Cirebon (Tilikan Sémiotik) ku Thohir (2006), “Ajén Falsafah dina Simbol-simbol Tradisi Hajat Makam di Kampung Kawungatén Kacamatan Cikaum Kabupatén Subang” (Ulikan Struktural Sémiotik) ku Déasy Hapsari Suciati Harsono (2008), “Simbol-simbol Budaya nu Nyampak dina Kasenian Cingcowong di Désa Luragung Landeuh kec. Luragung kab. Kuningan pikeun Pangajaran Maca Bahasan di SMA” ku Ikin Sodikin (2013), “Ulikan Sémiotik Kana Kumpulan Carpon Surat Keur ka Sawarga Karangén Paguyuban Sastrawati Sunda Patrem” ku Yesi Hermawati (2006), “Simbol-simbol nu Nyampak dina Upacara Sérén Taun di Désa Sirna Resmi Kacamatan Cisolok Kabupatén Sukabumi” ku Nining Restianti Winarti (2010), jeung “Ajén Simbolis dina Pakéan Pangantén Sunda “Kebesaran” Has Sumedang Pikeun Salah Sahiji Alternatif Bahan Ajar Maca di Kelas XI SMA (Ulikan Semiotika-Struktural)” ku N.Yeffa Afrita Apriliyani (2012). Najan kitu, kiwari unsur sémiotik dina tradisi jeung upacara adat téh geus teu dipikawanoh ku masarakat Sunda. Barudak jaman

ayeuna teu apal kana unsur sémiotik dina budaya Sunda. Nilik kana éta hal, panalungtikan unsur sémiotik jeung upacara adat nu geus aya saméméhna, jarang dipatalikeun jeung bahan pangajaran di SMA. Lian ti éta, bédana jeung panalungtikan saméméhna, nyaéta béda upacara adat, béda tempat, jeung béda tujuan nu ditalungtik. Tacan aya nu maluruh ngeunaan ikon, indéks, jeung simbol dina upacara rewahan di Désa Taraju Kacamatan Sindangagung Kabupatén Kuningan anu dipatalikeun jeung pangajaran maca artikel di SMA. Ku kituna panalungtikan anu judulna “Unsur Sémiotik dina Upacara Rewahan di Désa Taraju Kacamatan Sindangagung Kabupatén Kuningan pikeun Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA Kelas XII” perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, lega pisan masalah anu perlu ditalungtik dina upacara adat téh. Sangkan leuwih museur, ieu panalungtikan diwatesanan ngan medar sajarah upacara rewahan, prak-prakan upacara rewahan, unsur sémiotik dina upacara rewahan, jeung hasil panalungtikan pikeun pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, ieu panalungtikan dirumuskeun dina sababaraha patalékan, ieu di handap:

- 1) kumaha sajarah upacara rewahan?
- 2) kumaha prak-prakan upacara rewahan?
- 3) kumaha unsur sémiotik dina upacara rewahan?
- 4) kumaha hasil panalungtikan pikeun pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan umum

Tujuan umum nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun:

- 1) nganalisis kamajuan paélmuan budaya Sunda;
- 2) mikanyaho gambaran budaya dina jaman kiwari; jeung
- 3) nambahan pangaweruh ngeunaan budaya nu aya di sabudeureun urang Sunda.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun ngadéskrripsikeun:

- 1) sajarah upacara rewahan;
- 2) prak-prakan upacara rewahan;
- 3) unsur sémiotik dina upacara rewahan; jeung
- 4) hasil panalungtikan pikeun pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat téoritis ieu panalungtikan nyaétasangkan bisa méré pangaweruh ka masarakat dina hal kabudayaan, hususna ngeunaan upacara adat nu aya di tatar Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis anu dipiharep bisa dihontal tina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) pikeun masarakat, bisa numuwuhkeun kareueus kana budaya Sunda nu aya di sabudeureunana, bisa numuwuhkeun karep pikeun ngajaga jeung ngariksa upacara adat Sunda;
- 2) pikeun guru, bisa nambahan pangaweruh dina ngamekarkeun bahan pangajaran maca ku cara maké simbol-simbol dina upacara rewahan jadi bahan pangajaran;

- 3) pikeun siswa, bisa mikawanoh upacara adat nu aya di sabudeureunana jeung maham kana simbol-simbol dina upacara rewahan; jeung
- 4) pikeun panalungtik, bisa mikanyaho leuwih teleb ngeunaan upacara rewahan, jeung numuwuhkeun kareueus kana budaya Sunda hususna upacara tradisional nu aya di sabudeureun panalungtik.

1.5 Raraga Nulis

Sanggeus data réngsé dianalisis, tahap ahir dina ieu panalungtikan nyaéta nyusun laporan dina wangun skripsi. Anapon sacara gurat badag dina nyusun skripsi kabagi jadi lima bab, anu bisa diwincik saperti ieu di handap.

BAB I bubuka, eusina ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga nulis.

BAB II tatapakan tiori dipedar ngeunaan sémiotik, upacara rewahan, jeung pangajaran maca artikel.

BAB III métode panalungtikan, dipedar ngeunaan lokasi géografis tempat panalungtikan jeung sumber data, désain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, jeung téhnik panalungtikan.

BAB IV déskripsi unsur semiotik budaya dina upacara rewahan, medar sajarah upacara rewahan, prak-prakan upacara rewahan di Désa Taraju, jeung hasil panalungtikan pikeun pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII.

BAB V kacindekan jeung saran, mangrupa bab pamungkas nu eusina ngeunaan gurat badag, intisari tina skripsi panalungtikan, jeung saran pikeun panalungtikan satuluyna.